Адыгэ макъ

№ 95 (19609)
2010-рэ илъэс
МЭФЭКУ
ЖЪОНЫГЪУАКIЭМ и 20

ОСЭ ГЪЭНЭФАГЪЭ ИIЭП

Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэмрэ и Правительствэрэ ягъэзет

# Адыгэ Республикэм и Президент и Указ

**Адыгэ Республикэм икъэралыгъо наградэхэр афэгъэшъошэгъэнхэм ехьылIагъ**

Адыгэ Республикэм ыпашъхьэ гъэхъэгъэ ин дэдэхэр зэрэщыряIэм ыкIи илъэсыбэрэ Iоф зэрашIагъэм афэшI медалэу **«Адыгеим и Щытхъузехь»** зыфиIорэр афэгъэшъошэгъэнэу:

**Москалев Дмитрий Иван ыкъом** — IофшIэнымкIэ ветераным,

**Шъхьащэкъо Кларэ Уцужьыкъо ыпхъум** — муниципальнэ учреждениеу «Адыгэкъалэ игупчэ къэлэ сымэджэщэу К.М. Батмэным ыцIэкIэ щытым» иврач-психиатр-нарколог.

Адыгэ Республикэм ибанк системэ ихэхъоныгъэкIэ гъэхъагъэхэр зэряIэхэм ыкIи илъэсыбэ хъугъэу Iоф зэрашIэрэм афэшI щытхъуцIэу **«Адыгэ Республикэм изаслуженнэ экономист»** зыфиIорэр афэгъэшъошэгъэнэу:

**Колосовская Иринэ Александр ыпхъум** — Урысые Федерацием и Гупчэ банк Адыгэ РеспубликэмкIэ и Лъэпкъ банк иэкономическэ гъэIорышIапIэ экономикэ IофшIэныр зэхэзыщэрэ иотдел исектор ипащэ,

**НаплIэкъо Нурыет Джанбэч ыпхъум** — Урысые Федерацием и Гупчэ банк Адыгэ РеспубликэмкIэ и Лъэпкъ банк иревизионнэ сектор ипащэ,

**Петрухина Еленэ Павел ыпхъум** — Урысые Федерацием и Гупчэ банк Адыгэ РеспубликэмкIэ и Лъэпкъ банк къалэу МыекъуапэкIэ ирасчетнэ кассэ гупчэ шъхьаIэ ипащэ,

**Шестакова Наталье Николай ыпхъум** — Урысые Федерацием и Гупчэ банк Адыгэ РеспубликэмкIэ и Лъэпкъ банк бухгалтер учетымрэ отчетностымрэкIэ игъэIорышIапIэ ипащэ, ибухгалтер шъхьаIэ.

ПсэолъэшIынымкIэ гъэхъагъэхэр зэришIыгъэхэм фэшI щытхъуцIэу **«Адыгэ Республикэм изаслуженнэ псэолъэшI»** зыфиIорэр

**Довнар Станислав Виктор ыкъом** — Урысые Федерацием и Гупчэ банк Адыгэ РеспубликэмкIэ и Лъэпкъ банк амыгъэкощырэ мылъкумкIэ иотдел ипащэ фэгъэшъошэгъэнэу.

Мэкъу-мэщым гъэхъагъэхэр зэрэщишIыгъэхэм фэшI щытхъуцIэу **«Адыгэ Республикэм мэкъу-мэщымкIэ изаслуженнэ IофышI»** зыфиIорэр

**Хъуажъ Аскэр Мусардинэ ыкъом** — Красногвардейскэ районымкIэ акционер обществэ зэфэшIыгъэу «Содружество» зыфиIорэм игенеральнэ директор фэгъэшъошэгъэнэу.

Культурэмрэ искусствэмрэ яхэхъоныгъэ иIахьышхо зэрэхишIыхьэрэм ыкIи илъэсыбэ хъугъэу гуетыныгъэ фыриIэу Iоф зэришIэрэм афэшI щытхъуцIэу **«Адыгэ Республикэм искусствэхэмкIэ изаслуженнэ IофышIэшху»** зыфиIорэр

**Сухова Татьянэ Виктор ыпхъум** — кIэлэцIыкIухэм гъэсэныгъэ тедзэ зыщарагъэгъотырэ къэралыгъо учреждениеу «ИскусствэхэмкIэ Адыгэ республикэ кIэлэцIыкIу еджапIэу К.Хь. Лъэцэрыкъом ыцIэкIэ щытым» икIэлэегъаджэ фэгъэшъошэгъэнэу.

**Адыгэ Республикэм и Президентэу ТХЬАКIУЩЫНЭ Аслъан**
къ. Мыекъуапэ,
жъоныгъуакIэм и 18, 2010-рэ илъэс
N 56



# КIэлэегъаджэхэм яIэпэIэсэныгъэ къагъэлъагъо

**Тигъэзет къызэрэхиутыгъагъэу, мы мафэхэм Мыекъуапэ кIэлэегъэджэ анахь дэгъухэр щызэнэкъокъух.**

Тыгъуасэ зэнэкъокъур Адыгэ республикэ гимназием щыкIуагъ. КIэлэегъаджэхэм урокхэр атыгъэх, класснэ сыхьатхэр зэхащагъэх. Ахэм кIэлэегъаджэхэр ушэтыпIэ мыпсынкIэхэм арагъэуцуагъэхэми, гъэшIэгъонэу, узыIэпащэу Iофтхьабзэхэр кIуагъэх.

УзымышIэрэ кIэлээджакIохэм апашъхьэ урок щыптыным, апэрэу узыIукIэгъэ кIэлээджакIохэр бгъэдэIонхэм апае IэпэIэсэныгъэшхо пхэлъын фае. Ау зэнэкъокъум хэлэжьэрэ кIэлэегъаджэхэм ар дэгъоу апшъэ ифагъ.

Зэнэкъокъум къыдилъытэрэ Iофтхьабзэхэм ауж кIэлэегъаджэхэр Лъэпкъ музеим, театрэм, Мыекъуапэ иеджэпIэ зэфэшъхьафхэм ащэIэх. Неущ джыри зэнэкъокъухэр кIощтых. ЕтIанэ, блыпэм, кIэлэегъэджэ дэгъум ыцIэ къэнэфэщт.

*СИХЪУ Гощнагъу.*

Сурэтым итыр: **Красногвардейскэ районымкIэ гурыт еджапIэу N 11-м адыгабзэмрэ литературэмрэкIэ икIэлэегъаджэу Кобл Сусанэ зэнэкъокъум къыдилъытэрэ урокыр еты.**

*Тезыхыгъэр Iэшъынэ Аслъан.*

# Тигъэзетеджэ лъапIэхэр!

***Мы мазэм и 13-м къыщегъэжьагъэу и 23-м нэс фэгъэкIотэн зиIэ кIэтхэгъу уахътэр кIощт. А мэфипшIым къыкIоцI гъэзетэу «Адыгэ макъэм» сомэ 359-рэ чапыч 35-кIэ шъукIэтхэн шъулъэкIыщт, 2010-рэ илъэсым иятIонэрэ илъэсныкъо къышъуIукIэнэу шъуфаемэ.***

**ШъукIатх лъэпкъ гъэзетым!**

# МэкъэгъэIу

***ЖъоныгъуакIэм и 13-м къыщегъэжьагъэу и 23-м нэс къалэу Мыекъуапэ дэт Почтэ шъхьаIэу урамэу Краснооктябрьскэм тетым, номерэу 20-м, гъэзетэу «Адыгэ макъэм» щыкIатхэрэмэ шIухьафтынхэр къащаратыщтых.***

# ШIушIэ Iофтхьабз

***Гъэзетэу «Адыгэ макъэр» къизытхыкIырэр зэкIэ шIушIэ Iофтхьабзэм хэлажьэ, сыда пIомэ кIэтхапкIэу гъэзетым лъатырэм щыщ Iахьэу зы сомэ кIэлэцIыкIу Фондэу АР-м щыIэм редакцием фитIупщыщт. Гъэзетыр къышъутхыкIымэ, шъоркIи федэ, сабыйхэми шъуипсапэ аIукIэщт. Шъухэлажь, ныбджэгъухэр, шIушIэ Iофтхьабзэм!***

# Диным фэгъэхьыгъэу гупшысэ заул

Псэ зыпытэу дунаим къытехъорэ пэпчъ бэ шIэн, макIэ шIэн, идунай ехъожьы. ЦIыфыри ахэм зыкIэ ащыщ.

Хэтрэ цIыфкIи нэшхъэигъор сыдигъуи тхьамыкIэгъошху. Ар къызыфэкIогъэ цIыфым амал зэриIэу удеIэн фае, нахь псынкIэ фэпшIын фае икъин. Ау мы аужырэ илъэс зэкIэлъыкIохэм адыгэхэм шэн-зекIокIэ пхэнджэу къытхэхьагъэхэм ащыщхэм ар нахь хьылъэ къашIы. Ары, тыфай-тыфэмыеми, кIуатэ къэс тищыIэныгъэ зэхъокIыныгъэхэр фэхъух. Тишэн-зэхэтыкIи ащ зэблэхъугъэхэр фишIын ылъэкIыщт, фешIы ыкIи. Ау сыдигъуи егъэхъугъэщэр гум ыштэрэп, къекIурэп, ащ къызхэкIыи зэнэкъокъухэр цIыф жъугъэмэ къахэхьэ, етIани ахэм зэмызэгъыныгъэхэри къыздахьыжьы. Анахьэу зы зэхэхьэгъэ-зэIукIэгъу темыгущыIэхэмэ мыхъоу пчэгум ит зэпытыр нэшхъэигъор (хьадагъэр) зэрарагъэкIокIырэр ары. Сыда анахьэу цIыфхэр зытегущыIэхэрэр, сыд фэдэ упчIа нахь зыгъэгумэкIыхэрэр? Сыда зыдырагъаштэрэри, зыдырамыгъаштэрэри? Мыщи зэнэкъокъу къыхэхьан ылъэкIыщт, ау цIыф жъугъэмэ агукIэ нахь зэдаштэу щытмэ талъыIэсын.

Сыд фэдэу рекIокIыхэра ыкIи сыда хьадэм ифэIо-фашIэхэм зэхъокIыныгъэхэр зыкIафэхъурэр? Хэтрэ быслъымэнкIи диныр зэу щытын фаеу тэIо, ау сыда ауштэу зыкIымыщытыр? Тыдэ къикIыхэра а зэфэмыдэныгъэхэр, зэхъокIыныгъэхэр? Сыда Адыгэ Республикэм ис быслъымэнхэм ащкIэ зыкIыныгъэ зыкIахэмылъыр? Хэта ащкIэ бгъэмысэщтыри? Тэ тыгущыIэ зыхъукIэ, зэкIэми тышъыпкъэзэхьэу къытшIошIы. Тикъоджэ ефэндхэри джащ фэдэх. Хэти ежь иекIолIэкIэ-еплъыкIэ шIотэрэз. Ау тара зэкIэми зэдаштэу (зэкIэри рыразэхэу), диным къыIорэми блэмыкIэу къыхэхыгъэн фаер? АщкIэ динлэжьхэм, анахьэу муфтиеу Емыж Нурбый, ягущыIэ зэкIэми ашъхьэ хъун фае.

Шъыпкъэ, мы Iофыгъомэ афэгъэхьыгъэу тхыгъэхэри щыIэх, ау а тхыгъэхэри зэкIэми къабыл тэшIа, тэгъэцакIэха?! ДгъэцакIэхэрэп! Агу къырарэмыгъау, ау ефэндищ зэIукIагъэу ягущыIи, ягупшысэ зэтефагъэу слъэгъугъэп, къэсшIэжьырэп. Ахэми зэнэкъокъушхохэр азыфагу илъ. Динлэжьхэм ащкIэ зыкIыныгъэ ямыIэу тэ, цIыф къызэрыкIомэ, зыкIыныгъэ тиIэщта? ТиIэщтэп!

Хьадагъэм (хьадэзэхьаным иIоф) джы къыфэдгъэзэжьын. Тобэ, я Алахь, мы къасIорэмкIэ Алахьым гукIэгъу къысферэшI, ау тихьадагъэхэм ащыщыбэхэр спектаклэм фэдэ хъугъэх. ЗэкIэри зы «режиссерым» (зэрэхъу хабзэу, ар бзылъфыгъ) зэриIоу, ащкIэ аужым динлэжьхэми ядэIужьхэрэп, зекIонхэ фае. Нэшхъэигъом къекIуалIэрэм ипроцент 25 — 30-р гъын фаеу къырагъэкIы. Къиным къин къыхагъэхьожьы. Нахьыбэрэм чэщыр сыхьатыр 12-м, 2-м нэс цIыф жъугъэхэр зэхэсых. Сыда зажэхэрэр? Сыда кIожьхэу пчэдыжьым жьэу къызыкIэмыкIожьхэрэр? Алахьым ерэмыд — хьадэр агъэпскIыфэ ежэнхэ фае! ЗагъэпскIыхэрэм ыуж агъэежьын фае. Хьайнапэба ащ уемыжэмэ?! Чэщым сыхьатыр 2-м, 3-м гъогу утехьажьынышъ, нэмыкI чылэ, къалэ узэрэкIожьыщтыр къыдалъытэрэп. Къыдалъытэрэп етIонэрэ (ятIонэрэ мэхъужьа ар?) мафэм икIэрыкIэу укъызэрэкIожьын фаер. Ар сэ къин лъеу ыкIи мытерэзэу сэлъытэ. Шъыпкъэ, ар къызтефэу щытхэр арэп зигугъу сшIырэр, джа хьайнэпагъэм шIолIыкIыхэу, агукIэ фэмыехэу къанэхэрэр ары нахь.

ГъэшIэгъонба, зыгу къеуи, къемыуи, пэблагъи, пэчыжьи гъынхэ фаеу къырагъэкIы. Бзылъфыгъэхэу, а къоджэ шъыпкъэм дэсхэу тхьамафэм къехъурэ нэшхъэигъом къэкIонхэу «фэмызагъэхэри» къызыкIохэкIэ, ежьхэр — шъорышIыгъэкIэ, хьадэгъэтесхэр амакъэ къызэрихьэу, гъынхэ фаех (афэлъэкIыжьа, афэмылъэкIыжьа?) армырмэ, ягукъао макIэу алъытэщт. Тхьэр яуагъ нахь, «джы къыхадзи гъы», «джы икъущт, зэпыгъэу» пIозэ гукъаор зепщэн плъэкIына? Зыгу пэблэгъэ цIыфым о епIоми, емыIоми ыгу зэхахьэщт мэгъы. Ар о узэрэфаеу пшIыныр емыкIу, сшIотэрэзэп... Нахь зэнэкъокъу къуаджэмэ къадэзылъхьэрэмэ ащыщ хьадэм ыпашъхьэ укъыщыгущыIэныр, зидунай зыхъожьыгъэм укъытегущыIэныр. Ар зымыштахэрэри, «ищыкIагъэп гущыIэ лыер, ефэндым къыIорэ екъу» зыIохэрэри ахэт. Пегъымбарым «зы нэбгырэ, нэбгыритIу, щы къытегущыIэми псапэ» ыIогъагъ. Ащ сэ нахь десэгъаштэ. Зидунай зыхъожьыгъэр зэрэщытыгъэр зэкIэми зэфэдэу ашIэрэп ныIа, ащ нэмыкI къуаджэмэ къарыкIыгъэу щымыгъуазэхэри захэплъытэжькIэ, сэ сишIошIыкIэ, укъытегущыIэн фаеу мэхъу. Шъыпкъэ, мыщ егъэлыекIыгъэ (анахьэу лIагъэр лъэрыхьыгъэмэ е илъфыгъэхэм IэнэтIэшхохэр аIыгъымэ) хэзылъхьэхэрэр къахэкIы. Ау етIани хэти ыжэ уубытын плъэкIыщтэп, арышъ, нэбгыритIу — щым укъыщыуцумэ нахь тэрэз. Ащ фэдэ чIыпIэм къыщыгущыIэн щамыгъотэуи къыхэкIы, ар, сэ сишIошIыкIэ, бэмэ япхыгъэн ылъэкIыщт: зидунай зыхъожьыгъэм идунэететыкIагъэ дэгъугъа, дэигъа, къылэжьыгъа шIукIэ къытегущыIэнхэу? Хэти ыгу къырерэмыгъау, ау тищыIэныгъэ ащ фэдэхэми уащырихьылIэщт. ЯтIонэрэмкIэ (ащ фэдэхэри, гукъаоми, къыхэкIых), игъунэгъумэ, ишъэогъумэ цIыф жъугъэмэ апашъхьэ къыщыгущыIэнхэу жабзэ аIулъа, аIумылъа? Арышъ, ари джэмэхьатэу зыхэлIыкIыгъэм елъытыгъэуи мэхъу. ЯщэнэрэмкIэ, зым зыр щыгугъызэ (зэрэмышIэхэу) къэмыгущыIэхэуи къыхэкIы.

Нахь гукъэожь хъурэмэ джы такъыныхэр. Мыщ нахь тынаIэ тетыдзэн фаеу сэлъытэ. Зидунай зыхъожьыгъэр къэхалъэм ахьын хъумэ (сэ къэзгъэшIагъэм елъытыгъэу ыдэгъэ IофкIэ чылэгъуабэмэ сащыIагъ) Iофыгъуабэ къапытаджэу хъугъэ. Зигугъу къэсшIыщтыр ныбжькIэ зырызмэ, ахэм ямызакъоу, гурыт ныбжь зиIэ хъулъфыгъэхэми афэгъэхьыгъ. Зы къуаджэп, къоджитIоп мы сыкъызытегущыIэщтыр зыдэслъэгъуагъэр. Шъыпкъэ, тиныбжькIэ пстэуми ар афэгъэхьыгъэу щытэп. ТхьэмкIэ шыкур, ахэр арых бэныр зытIыхэрэри, хьадэр зыхьыхэрэри, чIэзылъхьажьхэу ятIэр тезытэкIожьыхэрэри. Ау мы аужырэ илъэсхэм къоджэ пчъагъэмэ ащыслъэгъурэр зы: нэшхъэигъом къекIолIагъэхэм ипроцент 70 — 80-мэ машинэ псынкIэмэ зарадзэшъ, ежь къин зиIэ лIакъом щыщхэм яхьадэ ахьынэуи, чIалъхьажьынэуи нахьыбэрэмкIэ мэхъу. Лъэшэу гукъау щагум дэмыфэу къекIолIагъэхэр хьадэ ауж хьэрэ гъогу техьажьыгъэм ыуж имытхэу, нэбгырэ пшIыкIутф — тIокIым ар ахьы зыхъукIэ. АгъэтIылъыжьы хъуми ащ фэд, сыд фэдизэу ефэндыр къяджагъэми, ыгъэдэIошъухэрэп, лIакъом ежь ихьадэ егъэтIылъыжьы. Ар адыгагъэп, быслъымэныгъэп, аужым, цIыфыгъэ шапхъэп. Тикъоджэ ефэнд (Нэфышъ Къэзэуат) ыкIи сишъэогъу, ыкIи синыбджэгъу, ыкIи илъэс пчъагъэрэ а зы еджапIэм Iоф щызэдэтшIагъ, лъэшэу ар игукъаоу зэхэхьэ пчъагъэ зэхищагъ, щатегущыIагъ, ау къедэIурэр макIэ. Ар лъэшэу гукъао щыхъоу бэрэ къысиIуагъ. Къэхалъэм тыкъызикIыжькIэ, тизекIокIэ-шIыкIэхэми уязэгъынэу щытэп. Хьадэр зэрахыгъэ унэм ишъэогъу-ныбджэгъухэр ихьажьхэу, ащ щагъэежьми хъун пIощт, ау, хьау, ар «режиссерым» къыпфидэщтэп — зэкIэми зэуж уитэу (нэбгырэ 15 — 20-р, ащ къехъоуи мэхъу) бзылъфыгъэмэ уахэхьажьынышъ, афэбгъэен фае. Ахэм уякIолIэфэ бзылъфыгъэ сатырмэ уапхырэкIы, хъулъфыгъэхэр зэжъупIэ еуцох, зэутэкIых, кIуапIэ агъотыжьырэп, къикIыжьыпIэр «убытыгъэ» мэхъу. ЕтIани бзылъфыгъэ пэпчъ IапIэ епщэкIын, уфэгъын фае. Ау ахэм уахэмыхьэу, уафэмыгъыжьмэ, сыд пшIагъэкIи хьаулые хъущт. Сыда тхьамыкIагъор, къиныр нахь къин зыкIэтшIырэр?

Зэнэкъокъушхо къызыхэкIырэ Iофыгъо горэм джыри тыкъыщыуцун. Ар хьадэIусыр (щыгъынIухыжьыр) зэрэредгъэкIокIырэр ары. ХьадэIусым (щыгъынIухыжьым) шхыныгъоу щагъэхьазырхэрэр ары нахьыбэу зэнэкъокъур къызэрыкIырэр. Зы купым «сэ сятэ фэсшIэжьыщтым зыми иIоф хэлъэп, сэ сызыфэе шхыныгъохэр (IэкIыб къэралмэ къаращыхэрэри хэтэу) Iанэмэ атезгъэуцощт, ары сэ сятэ фэсшIэжьыщтыр» еIо. ЯтIонэрэ купым (ахэр нахьыбэ мэхъух) ежь унагъом ылэжьыгъэ шхыныгъохэр (шкIэхъужъ, мэлы, тхьачэт-чэтхэр аукIэу, лым хашIыкIырэ шхыныгъохэр, щэламэ, псы зэщымыщхэр Iанэм тетмэ икъункIэ (нахьышIукIэ) елъытэ. КупитIумэ гъусэ афэхъущтхэри яIэх. Тара нахь тэрэзыр? Сэ сшъхьэкIэ ятIонэрэ купым десэгъаштэ. КъэIогъэн фаер мы аужырэ илъэсхэм егъэлыекIыгъэ хэмылъэу, адыгэ шхыныгъо къабзэкIэ хьадэIусыр къоджабэмэ зэращырекIокIырэр ары. Зы шапхъэ ащкIэ тытеуцон фаеба?! ЩыгъынIухыжьыр унэгъо кIоцI Iофэу щытын фаеу сэ сеплъы. Ащ лыеуи сикъытегущыIэщтэп.

Мы зышъхьэ къисхыгъэ Iофыгъохэр Iофыгъо цIыкIукIэ плъытэхэ хъущтэп. Сыда пIомэ ахэр щыIэныгъэм къыхэхыгъэх, ащ изы Iахьых. Сэ сIорэп къэстхыгъэмэ зэкIэми адебгъэштэн фаеу, сызыфаер зы: адыгэ лъэпкъым, адыгэ къуаджэхэм, зэфэдэ дэдэ мыхъуми (нахьышIугъэр зэфэдагъэмэ ары), мы IофыгъохэмкIэ нахь зэпэблагъэ тыхъунэу ары. Динлэжьхэм еплъыкIэу мыхэм афыряIэхэм тащагъэгъозагъэмэ дэгъугъэ.

*ОЖЪ Аскэрбый.*

# Адесэгъаштэ

Мэлылъфэгъум и 6-м къэтынэу «Шъхьэихыгъэу» зыфиIоу Адыгэ телевидением къыгъэлъэгъуагъэм тигуапэу тедэIугъ ыкIи теплъыгъ. Ар зыгъэхьазырыгъэр Чэнышхэ Молидхъан, лъэпкъым къырыкIощтым ыгъэгумэкIыхэу гущыIэгъу къыфэхъугъэхэр Емыж Нурбый, Хьэпэе Арамбый, Хъунэго Рэщыд, нэмыкIхэри. Къэтын дэгъоу, лъэпкъымкIэ ишIогъэшхо къэкIонэу агъэхьазырыгъ, ау къэтыным имызакъоу, чылагъохэми зэхахьэхэр ащызэхащэхэу, ныбжькIэхэри рагъэблагъэзэ лъэпкъым икъэухъумэн тегущыIэхэмэ, мэхьанэ иIэнэу теплъы. Арамбый зэриIоу, ешъон закъоп цIыфхэр зыгъэкIодырэр. Унагъоми, сабыйхэм апашъхьэ стаканым «цау» къебгъаIоу ущысмэ, ежьхэми щысэ афэхъуба? ЕгъашIэм тлъэгъугъэп, тятэ тимыIагъэми, тятэшхэр ешъохэу, хьакIэхэм Iанэ къафэтхьэу щытыгъэти, къундысыу, щхыу е бахъсымэ ашхырэм тырашъухьажьыщтыгъэр. Къэбар гъэшIэгъонхэр къаIуатэщтыгъэ. Джэгу хъуми, лIыжъ къэшъуакIомэ нахьыкIэхэр янэкъокъоу дэгъоу чэфыщтыгъэх. Сабыир зыфэе пстэуми адебгъаштэ хъущтэп. Пчэдыжьым уиунэ икIырэ сабыир, орэкIалэ, орэпшъашъэжьый, зыдэщыIэр, зигъусэр умышIэу, шхэн фаемэ уимыгъэгумэкIэу, «сшъхьэ зегъэпсэфы» оIокIэ, ар тэрэз хъурэп. Непэ бзэджагъэми блэбгъэкIыгъэмэ, неущ ар къэууфэнкIэ къин мэхъу. Гукъаоми, щыIэх ащ фэдэ ныхэри. Неущ ащ фэдэ сабыим бырсыр нэмыкI къыпыкIыщтэп, тымысакъымэ. «ЩыIакIэр къин» аIоу, замыгъэхъыеу тIысыгъэ ныбжькIэхэри тиIэх.

Хатэр шIэба е былымы зыфэгъаз. Iэпкъ-лъэпкъ псау Тхьэм къыуитыгъ, уифедэ пшIэмэ, насыпи, былыми бгъотыщт. УишIуагъэ къыкIакIорэм ори укIэгушIузэ, улъыкIотэн плъэкIыщт. Урятэми уикIалэ о Iофыр пшIэрэр къыздегъашI, егъас Iофыр шIу ылъэгъоу, есэмэ, бзаджэ ышIэщтэп. Пшъэшъэжъыем янэ лъэкIэн-тхьакIэныр, къэбзэныгъэр сабыйзэ гуригъаIомэ, хъупхъэ хъущт. Зыми фэмыгъэсагъэр уиунэ зэрикIэу емыкIу нэмыкI къыхьырэп.

Лъэпкъ Iофыр зэкIэми зэдыряIофэу сеплъы, тиунагъомэ мамыр арылъыныр лъэпкъым къыпкъырэкIы. ТапэкIэ лъэпкъым идахэрэ ищытхъурэ ядгъэIон фае. «Налмэсымрэ» «Ислъамыемрэ» узэпплъыкIэ, лъэпкъым идахэрэ Iэдэб зэрэхэлъымрэ уапашъхьэ къырагъэуцо. Бэрэ ядахэ аIонэу, щысэ дахэу тиIэнхэу ахэм тафэлъэIо. ЦIыф дэгъубэ джыри хахъоу тиIэнэу, пкъэу пытэу ахэр лъэпкъым кIэуцонхэу тащыгугъы.

*ХЬАГЪУНДЭКЪО Щамсэт.*
Мамхыгъ.

ИСКУССТВЭР — ТИБАЙНЫГЪ

# «Налмэсыр» ашӀогъэшӀэгъон



Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Академическэ къэшъокӀо ансамблэу «Налмэсыр» дунаим щыцӀэрыӀу. Художественнэ пащэу, УФ-м изаслуженнэ артистэу, АР-м инароднэ артистэу Къулэ Мыхьамэд тызэрэщигъэгъозагъэу, «Налмэсыр» США-м къызекӀыжьым бэрэ зигъэпсэфыгъэп. Фестивалэу «Обереги Будущее» зыфиӀорэм хэлэжьагъ.

«Налмэсым» икъашъохэмкӀэ Урысыем щызэлъашӀэрэ артистхэр ыгъэгушӀуагъэх.

Сурэтым итыр: **«Налмэсым» хэтхэр.**

ФЕСТИВАЛЬХЭР

# «Лезгинкэр» артистхэм якӀас

**ШӀушӀэ фестивалэу «Обереги Будущее» зыфиӀорэр Адыгэ Республикэм гъэшӀэгъонэу щэкӀо. Урысыем иартист цӀэрыӀохэр Адыгэкъалэ, Мыекъуапэ, тирайонхэм ащыӀагъэх. Кинофильмэхэр, спектаклэмэ ащыщ къэшӀыгъохэр къащагъэлъагъох.**

— Адыгэкъалэ тызэкӀом, бысымхэр дахэу къызэрэтпэгъокӀыгъэхэм изакъоп къыхэзгъэщырэр, — еӀо АР-м культурэмкӀэ иминистрэ игуадзэу, Урысыем культурэмкӀэ изаслуженнэ ӀофышӀэу ШъэуапцӀэкъо Аминэт. — Артистэу Юрий Черкасовым иӀахьылхэр, илъэсыбэкӀэ узэкӀэӀэбэжьымэ, Адыгеим зэрэщыпсэущтыгъэхэм щыгъуазэ хъугъэ. Бэгъ Саид игъусэу фильмэм зэрэхэлэжьагъэр зэӀукӀэм ащ къыщиӀотагъ.

Елена Любимовар, Марина Яковлевар Антон Шурцовыр, Валентина Талызинар Адыгэкъалэрэ Теуцожь районымрэ ялэжьакӀохэм заӀокӀэхэм, республикэм щыпсэурэ лъэпкъхэм яшэн-хабзэхэр ашӀогъэшӀэгъонэу бэмэ къакӀэупчӀагъэх.

Адыгэ джэгур Адыгэкъалэ зыщызэхащэм пчэгум тилъэпкъ къашъо къыщигъэлъэгъуагъ Валентина Талызинам. Кавказ къашъоу «Лезгинкэр» Валентина Талызинам Адыгеим щызэригъэшӀагъ. Ащ кӀырыплъыхэзэ Марина Яковлевар, Антон Шурцовыр адыгэ къашъом «хилъасэхи» яӀэпэӀэсэныгъэ пчэгум къызэрэщагъэлъэгъуагъэр фестивалым хэлажьэрэмэ шӀукӀэ агу къинэжьыщт.

КӀэлэцӀыкӀу интернатэу Шэуджэн районым итым артисткэ цӀэрыӀоу Ольга Будинар щыӀагъ. Фильмэу «Одна война» зыфиӀоу заом икӀиныгъохэм, шӀулъэгъур бзылъфыгъэм къызэрэгурыӀорэм, шӀулъэгъу шъыпкъэр зыушэтыгъэм е зыушэты зышӀоигъом ыгу ихьыкӀырэм, ТекӀоныгъэм и Мафэ цӀыфхэр зэригъэгушӀуагъэхэм, нэмыкӀхэми афэгъэхьыгъэр жъоныгъуакӀэм и 18-м Мыекъуапэ щыкӀуагъ. Фильмэм иятӀонэрэ режиссерэу Амурбек Гобашиевымрэ АР-м изаслуженнэ артистэу Сихъу Станиславрэ пчыхьэзэхахьэм къыщыгущыӀагъэх.

АР-м культурэмкӀэ иминистрэ иапэрэ гуадзэу Нафиса Васильевар, отделхэм япащэхэу Шъхьэлэхъо Светланэрэ Шэуджэн Бэлэрэ артист цӀэрыӀохэм ягъусэхэу районхэм ащыӀагъэх.

Тыгъуасэ культурэм иӀофышӀэхэм апае спектаклэхэр, фильмэхэр Мыекъуапэ къыщагъэлъэгъуагъэх.

СПОРТЫМКӀЭ «ПРЕЗИДЕНТ ЗЭНЭКЪОКЪУХЭР»

# НыбжьыкӀэмэ ящыкӀэгъэ зэӀукӀэгъухэр



**Адыгэ Республикэм икӀэлэеджакӀохэр «Президент зэнэкъокъухэр» зыфиӀорэ фестивалым я XIII-рэу хэлажьэх. Мыекъуапэ игупчэу Лениным ыцӀэ зыхьырэм тыгъуасэ спорт зэнэкъокъухэр щаублагъэх.**

**Фестивалыр ТекӀоныгъэм ия 65-рэ илъэсрэ кӀэлэцӀыкӀухэм якъэухъумэн и Дунэе мафэрэ афэгъэхьыгъ.**

Адыгэ Республикэм икӀэлэеджакӀохэу фестивалым хэлажьэрэмэ ти Президентэу ТхьакӀущынэ Аслъан ыцӀэкӀэ къафэгушӀуагъ Адыгеим и Премьер-министрэ игуадзэу Алексей Петрусенкэр. «Президент зэнэкъокъоу» кӀэлэеджакӀомэ апае зэхащагъэр патриотическэ пӀуныгъэм, ныбжьыкӀэхэм япсауныгъэ гъэпытэгъэным, дэзэ къулыкъум кӀалэхэр нахьышӀоу фэгъэхьазырыгъэнхэм зэрафэгъэхьыгъэр Алексей Петрусенкэм къыӀуагъ. Фестивалым кӀэлэеджакӀохэр чанэу хэлэжьэнхэу, дэгъоу еджэнхэу, республикэм зиужьыжьыным яӀахь хашӀыхьанэу къяджагъ.

Хэгъэгу зэошхом иветеранэу Виктор Усольцевыр ТекӀоныгъэм ия 65-рэ илъэс фэгъэхьыгъэ мэфэкӀ Парадэу Москва щыкӀуагъэм хэлэжьагъ.

В. Усольцевым зэхахьэм къыщиӀуагъ Хэгъэгу зэошхом иветеранэу Гэшъынэ Сэфэрбый игъусэу Москва зэрэщыӀагъэр, Парадым зэрэхэлэжьагъэм рыгушхоу къытегущыӀагъ. Заом тхьамыкӀагъоу къызыдихьыгъэхэм, тарихъыр ныбжьыкӀэхэм дэгъоу ашӀэн зэрэфаем иеплъыкӀэхэр къариӀолӀагъэх.

Шэуджэн районым иадминистрацие спортымкӀэ ыкӀи ныбжьыкӀэ ӀофыгъохэмкӀэ игъэӀорышӀапӀэ иӀофышӀэу Къонэ Хьалидэ ыгъэхьазырыгъэ къэшӀыгъоу Хьакурынэхьаблэ икӀэлэеджакӀомэ пчэгум къыщагъэлъэгъуагъэр наркоманием ныбжьыкӀэхэр щыухъумэгъэнхэм фэгъэхьыгъ.

Атлетикэ псынкӀэмкӀэ, футбол цӀыкӀумкӀэ, спорт щэрыонымкӀэ, шахматхэмкӀэ, нэмыкӀхэмкӀи кӀэлэеджакӀохэр мэфищым къыкӀоцӀ Мыекъуапэрэ Мыекъопэ районымрэ ащызэнэкъокъущтых.

*Сурэтыр зэхахьэм къыщытырахыгъ.*

ДЗЮДО

# Язэпхыныгъэ агъэпытэ

**Урысыем имастерскэ турнирэу Новочеркасскэ дзюдомкӀэ щыкӀуагъэр Геннадий Недвигиным фэгъэхьыгъагъ. Адыгеим щапӀугъэ бэнакӀохэм зэӀукӀэгъухэм хагъэунэфыкӀырэ чӀыпӀэхэр къащыдахыгъэх.**

Анахь онтэгъухэм якуп Тимур Бучукури — ятӀонэрэ, Мэрэтыкъо Байзэт ящэнэрэ чӀыпӀэр къыщыдахыгъэх. Килограмм 81-м нэс къэзыщэчыхэрэм азыфагу щыкӀогъэ зэнэкъокъум ЛӀыхэсэ Муратрэ Къудайнэт Азэматрэ ящэнэрэ чӀыпӀэхэр къыщахьыгъэх. Владимир Павловыр, кг 66-рэ, ящэнэрэ хъугъэ.

Лабинскэ икомандэ фэбэнэгъэ Ситимэ Азэмат, кг 90-рэ, ятӀонэрэ чӀыпӀэр къыдихыгъ, онтэгъугъэ зэфэшъхьаф зиӀэмэ якуп ятӀонэрэ чӀыпӀэр къыщыфагъэшъошагъ.

Шъаукъо Аскэр Ермэлхьаблэ икомандэ хэтэу зэнэкъокъум хэлэжьагъ. Килограмм 66-м нэс къэзыщэчырэмэ атекӀуи, апэрэ чӀыпӀэр къыдихыгъ.

— Непэ Ӏоф зыдэтшӀэрэ ныбжьыкӀэхэр дзюдом пыщагъэ хъунхэмкӀэ апэрэ лъэбэкъухэр зыщашӀыгъэхэр къуаджэр ары, — еӀо Адыгэ Республикэм изаслуженнэ тренерэу Бэстэ Сэлымэ. — Лъэшэу тафэраз тидзюдоистхэм яапэрэ тренерхэу Акъущэ Мыхьамэт, ШъэоцӀыкӀу Муратэ, Хьахъукъо Адамэ, ХьакӀэгъогъу Казбек. Къоджэ тренерхэм зэпхыныгъэу адытиӀэр лъэхъаным диштэу дгъэпытэзэ, ныбжьыкӀэхэм тапэкӀи Ӏоф адэтшӀэщт.



Сурэтым итхэр: **Владимир Павловыр, ЛӀыхэсэ Мурат, Къудайнэт Азэмат.**

*НэкӀубгъом итхэр зыгъэхьазырыгъэр ЕМТӀЫЛЪ Нурбый.*

**Зэхэзыщагъэхэр:**
Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэр, иминистрэхэм я Кабинет

**КъыдэзыгъэкӀырэр:**
Адыгэ Республикэм лъэпкъ ӀофхэмкӀэ, ӀэкӀыб къэралхэм ащыпсэурэ тилъэпкъэгъухэм адыряӀэ зэпхыныгъэхэмкӀэ ыкӀи къэбар жъугъэм иамалхэмкӀэ и Комитет
Адресыр: ур.Крестьянскэр, 236

**Редактор шъхьаӀэр**
**ДЭРБЭ ТИМУР**

**Редакцием зыдэщыӀэр:**
385000, къ. Мыекъуапэ, ур. Первомайскэр, 197.

**Телефонхэр:**
приемнэр: 52-16-79,
редактор шъхьаӀэм иапэрэ гуадзэр: 52-49-44,
редактор гуадзэр-пшъэдэкӀыжь зыхьырэ секретарыр: 52-16-77.
**E-mail: adygvoice@mail.ru**

**Зыщаушыхьатыгъэр:**
Урысые Федерацием хэутын ӀофхэмкӀэ, телерадиокъэтынхэмкӀэ ыкӀи зэлъыӀэсыкӀэ амалхэмкӀэ и Министерствэ и Темыр-Кавказ чӀыпӀэ гъэӀорышӀапӀ, зэраушыхьатыгъэ номерыр
**ПИ №10-3892**

Гъэзетым къыхиутыхэрэм мышъыпкъагъэу къахафэхэрэмкӀэ къэзытхыгъэхэм пшъэдэкӀыжь ахы. Къэтхэхэрэмрэ гъэзетым щылажьэхэрэмрэ яеплъыкӀэ зэтемыфэн ылъэкӀыщт. Гъэзетэм къытефагъэхьырэ тхыгъэхэр зэхэтфыхэрэп ыкӀи къэзытхыгъэхэм аӀэкӀэдгъэхьажьыхэрэп.

**Зыщыхаутырэр**
ОАО-у «Полиграф-ЮГ», 385000, къ. Мыекъуапэ, ур. Пионерскэр, 268

**Пчъагъэр**
**6156**
**Индексхэр**
**52161**
**52162**
**Зак. 1469**

Хэутыным узщыкӀэтхэнэу щыт уахътэр
Сыхьатыр 18.00
ЗыщыкӀэтхэгъэхэ уахътэр
Сыхьатыр 18.00